KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN MAGETAN
MADRASAH IBTIDAIYAH NURUL HUDA SETUGU
ASESMEN MADRASAH (AM)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

LEMBAR SOAL		
Mata Pelajaran	:	**Bahasa Jawa**
Jenjang	:	**Madrasah Ibtidaiyah**
Hari/Tanggal	:	**Selasa/ 14 Mei 2024**
Waktu	:	**10.00 – 12.00**

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'a kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah dengan menggunakan pensil 2B
3. Isikan jawaban soal ke dalam Lembar Jawaban sesuai petunjuk
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal
5. Jumlah soal sebanyak 50 butir yang terdiri dari 35 butir pilihan ganda, 10 butir soal isian singkat, dan 5 butir uraian
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

LIVEWORKSHEETS

I. WENEHANA TANDA PING (X) ING WANGSULAN A, B, C UTAWA D SING KOK ANGGEP BENER!

Asal Usule Surabaya

Dhek jaman mbiyen iwak Hiu Sura lan Baya padha urip ing segara, saben dina mung tansah tukaran rebut gedhe lan rebut dadi penguasa. Dhasar padha nduweni kekuwatan kang pinunjul, mula kewan loro mau sanadyan terus terusan gelud nanging ora ana sing kalah. Loro-lorone nganti bosen gelud amarga direwangi gelud saben dina ora ana sing menang.

Akhire kewan loro mau gawe prajanjen awujud mbagi wilayahe penguwasa. Hiu Sura panguwasane ana ing banyu lan Baya ana ing dharatan. Hiu Sura tetep urip ana segara, dene Baya urip ing kali. Kewan loro mau wis ora tau geludan maneh lan netepi janjine dhewe-dhewe.

Ing sawijining dina, Hiu Sura nggolek pangan ana ing sacedhake kali. Saya suwe saya mlebu ing kali lan nggolek mangsa ing kono. Baya bareng ngerti yen ana kali ana Hiu, banjur ngomong,"Sura, apa kowe lali marang janji sing wis disepakati?"Hiu mangsuli," Lha kali kui kan isine banyu mula yo dadi penguwasaku."

Baya lan Sura awit gelut maneh . Kedadean perang antarane Iwak Sura lan Baya mau sing dadi adhedhasar panyebute kutha Surabaya. Sing saiki dadi lambange kutho Surabaya.

1. Asal usule kutha Surabaya iku saka crita perangane ….
   A. Hiu Sura lawan Baya
   B. Dewa lawan Menungsa
   C. Arek-arek Surabaya
   D. Iwak lan Hiu
2. Kang direbutake dening Hiu Sura lan Baya yaiku….
   A. kekuwatan
   B. kekuwasaan
   C. mangsa panganan
   D. prajanjian
3. Kutha Surabaya nduweni lambang kang awujud yaiku ….
   A. Hiu Sura lan Baya gelud
   B. Hiu Sura lan Baya ing kali
   C. Hiu Sura lan Baya ing kutha
   D. Hiu Sura lan Baya mangan
4. **Dewa-dewi, siswa-siswi, bathara-bathari, pemuda-pemudi, putra-putri** ukara iku kalebu ….
   A. tembung saroja
   B. tembung garba
   C. tembung yogyaswara
   D. tembung entar
5. Simbah arep ngombe jamu. Krama aluse sing bener yaiku …
   A. Simbah badhe nginum jampi
   B. Simbah badhe ngunjuk jampi
   C. Simbah badhe ngunjuk jamu
   D. Simbah badhe nginum jampi
6. Dikethok malah dhuwur. Batangane yaiku …..

LIVEWORKSHEETS

A. kathok

B. pring

C. gangsingan

D. nanas

7. Ing ngisor iki kewan kang nduweni gaman entup yaiku …..

A. kalajengking, kumbang, tawon.

B. kucing, macan, asu

C. kalajengking, kucing, kumbang

D. tawon, kalajengking, klabang.

8. Lungguh dhingklik, dhingklike wong cilik-cilik. Ukara iki kalebu purwakanthi ….

A. guru swara

B. guru lagu

C. guru sastra

D. lumaksitha

9. Pakdhe Harun nyambut gawe dadi sopir truk lintas kota. Kerata basane tembung **sopir** yaiku ...

A. yen kesel mulih

B. yen ngaso mampir

C. yen luwe mampir

D. yen kesel ngaso

10. Ibu lagi nggoreng lele ana pawon. **Lesane** ukara iki yaiku ….

A. Ibu

B. nggoreng

C. lele

D. ana pawon

11. Ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap yaiku ….

A. Simbah ngunjuk kopi ing ruang tamu.

B. Santi makan kucing karo adhine.

C. Bapak tuku roko king warung ngarep omah.

D. Bukuku basa jawa apa kok silih, Dhik ?

12. Para warga desa Sidomukti tansah urip adhem ayem, sayuk …. gotong royong mbangun desane.

A. rukun

B. tata

C. rahayu

D. syukur

13. Raden Janaka kalebu priyagung ing Negara Madukara. **Priyagung** tegese ….

A. ratu agung

B. rawa agung

C. priya agung

D. rasa agung

LIVEWORKSHEETS

14. Becik lan ala bakal ketara ing tembe mburine. Paribasan becik ketitik ala….

A. keturu

B. ketara

C. ketaru

D. ketari

15. Bocah–bocah cilik padha mloya-mlayu mrana-mrene dolanan delik-delikan ana latar. Tembung **mloya-mlayu mrana-mrene** kalebu tembung ….

A. dwiwasana

B. dwipurwa

C. dwilingga

D. dwilingga salin swara

16. Ing ngisor iki kang kalebu tembang dolanan yaiku ….

A. Pocung, Ilir-Ilir, Jamuran, Prau layar

B. Jamuran, Dhandhanggula, Prau layar,Ilir-Ilir.

C. Jamuran, Gundhul-Gundhul pacul, lir-ilir, Prau layar

D. Pocung, Sinom, Jamuran, Prau layar.

17. Haryati bocah kang pinter sabendina sinau nggarap tugas sekolahe. Tembung **pinter** kosok baline ….

A. kasar

B. sregep

C. bodho

D. kesed

18. Gedhang ana kulon omah kui wohe gumantung dawa nyenengke banget. Tembung **gumantung** linggane yaiku …..

A. mantung

B. gantung

C. ngantung

D. nggantung

19. Bapakku lair ing tahun 1985 kepungkur. **1985** yen ditulis angka jawa dadi …..

A.

B.

C. 

D.

20. Pandhawa iku cacahe ana lima. Pambarepe Pandhawa yaiku…

A. Puntadewa

B. Werkudara

C. Janaka

D. Nakula, Sadewa

LIVEWORKSHEETS

21. Sesorah kanggo mahargya utawa mapag rawuhe para tamu, miturut gunane sesorah kasebut kalebu jinis …..

A. sabdatama

B. tanggap wacana

C. pambagyaharja

D. sesorah persuasip

22. Ing ngisor iki kang kalebu tembung rura basa yaiku …..

A. adang sega

B. bagas waras

C. dewa-dewi

D. nagasari

23. Gatekna perangan layang ing ngisor iki!

Katur Kagem

Yth. Bapak Ibu Guru kelas VI

MI Mambaul Huda

Magetan

Perangan layang ing dhuwur kasebut….

A. adangiyah

B. surasabasa

C. peprenahan

D. titimangsa

24. Ing ngisor iki basa ngoko alus sing bener yaiku …..

A. Simbah ngombe banyu ing kamar

B. Ibu mundhut klambi ing pasar

C. Aku di kongkon ibu tuku bakso

D. Aku di kongkon simbah tumbas lengo

25. Turunane ayam biasa karo ayam alas diarani bekisar, yen turunane bebek karo menthog diarani ….

A. brati

B. bihal

C. bebikuk

D. bekisar

26. Garwane Raden Werkudara yaiku….

A. Srikandhi

B. Dewi Kunthi

C. Dewi Madrim

D. Dewi Arimbi

27. Terusna parikan ing ngisor iki!

Manuk emprit menclok godhong tebu

Dadi murid sing sregep….

LIVEWORKSHEETS

A. ngombe jamu

B. ngudi ilmu

C. ngumpulne sangu

D. sinau

28. Bapak wetenge gerah amargi dereng dhahar wau enjing. Tembung **weteng** sing bener yaiku ….

A. sukunipun

B. astanipun

C. padharanipun

D. mustakanipun

29. Fatimah ayune kaya Dewi Ratih, mripate blalak-blalak, alise nanggal sepisan, rambute ngembang bakung lan untune …..

A. mucuk eri

B. ngudup mlati

C. tumenggeng tawang

D. miji timun

30. **'' Budhi pakerti''** yen ditulis aksara jawa dadi ….

A.

B. 

C. 

D. 

31. Pitik walik saba meja. Batangane cangkriman iki yaiku ….

A. kacang

B. sulak

C. kates

D. nanas

32. Kang ora kalebu tembang Macapat yaiku …..

A. Pocung, Dandanggula, Durma, Kinanthi

B. Kinanthi, Pocung, Sinom, Megatruh

C. Sinom, Asmaradana, Kinanthi, Pocung

D. Jaranan, Jamuran, Menthog-menthog,

33. Ing ngisor iki ukara tanduk sing bener yaiku ….

A. Klambine adhik wes kok kumbahne ?

B. Kembange wes disiram ibu.

C. Bapak makani sapi ing kandhang.

D. Pakdhe sare ing kamar.

LIVEWORKSHEETS

34. Bapak lan ibu anggone nyambut gawe direwangi adus kringet saben rina wengi kanggo nyukupi kebutuhan keluarga. Tembung **adus kringet** tegese ….

A. akeh kringet olehe nyambut gawe

B. nyambut gawe rekasa banget

C. nyambut gawe direwangi akeh kringet

D. nyambut gawe ora oleh kringet

35. ‘’ Kriwikan dadi grojokan’’. Tegese paribasan iki yaiku ….

A. Wong tuwa njaluk warah marang wong enom

B. Urun rembug nanging ora cocok karo perkarane

C. Perkara cilik dadi gedhe

D. Duwe kekarepan nanging ora duwe ragad

II. Isinen ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep !

36. Para warga desa Sidomulya tansah urip bebarengan katon ayem….ora ana padudon.

37. Ibune Raden Nakula lan Sadewa paring asma ….

38. Wedang bubuk gula tebu, mata ngantuk njaluk….

39. Nek dibukak ora ketok, nek ditutup malah ketok , batangane ….

40. Sesorah uga diarani …..

41. Wajik kletik gula jawa, luwih becik sing ….

42. diwaca ….

43. Riko pancen bocah sing jembar dhadhane mulane akeh kancane, **jembar dhadhane** tegese ….

44. Dadi wong iku ojo duweni sipat **adigang adigung** ….

45. Sesorah kang ora nyiapake luwih dhisik bahan nanging dadakan diarani ….

III. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep !

46. Aranana 5 wae tembang Macapat !

47. Owahana ukara ing ngisor iki dadi basa krama alus !

‘’Bapak karo pakdhe budhal menyang Surabaya numpak sepur bengi iki”

48.  Aksara jawa iku owahana dadi aksara latin!

49. Apa tegese paribasan **‘’Bathok bolu isi madu’’**!

50. Tulisen nganggo aksara jawa ! **‘’Jer basuki mawa beya.’**

LIVEWORKSHEETS